

Tradhisi Purnama Sidi ing Kabupaten Ponorogo
(*Tintingan Wujud, Makna, Piguna, lan Owah Gingsir Kabudayan*)

TRADHISI PURNAMA SIDI ING KABUPATEN PONOROGO
(**TINTINGAN WUJUD, MAKNA, PIGUNA, LAN OWAH GINGSIR KABUDAYAN**)

Delta Meka Septianingrum, Dra. Sri Sulistiani, M.Pd.

Pendidikan Bahasa dan Sastra Daerah (Jawa)

Fakultas Bahasa dan Seni

Universitas Negeri Surabaya

deltameka@gmail.com

Abstrak

Tradhisi Purnama Sidi yaiku salah sawijine tradhisi kang ana ing Desa Sampung Kecamatan Sampung Kabupaten Ponorogo. Tradhisi iki ditindakake saben telung sasi sepisan lan luwih rame ing Sasi Sura. Underan panlitene, yaiku: (1) Kepriye mula bukane Tradhisi Purnama Sidi?; (2) Kepriye tatalaku Tradhisi Purnama Sidi?; (3) Apa wujud lan makna ubarampe kang digunakake sajrone Tradhisi Purnama Sidi?; (4) Apa piguna kang kinandhut sajrone Tradhisi Purnama Sidi?; lan (5) Kepriye wujud owah gingsire Tradhisi Purnama Sidi?. Ancase panliten, yaiku: (1) Ngandharake mula bukane Tradhisi Purnama Sidi; (2) Ngandharake tatalaku Tradhisi Purnama Sidi; (3) Ngandharake wujud lan makna ubarampe kang digunakake sajrone Tradhisi Purnama Sidi; (4) Ngandharake pigunane Tradhisi Purnama Sidi; lan (5) Ngandharake wujud owah gingsire Tradhisi Purnama Sidi. Paedah kang bisa dijupuk saka panliten iki yaiku, paedah kang asipat teoritis supaya bisa migunani tumrap pangrembakane teori wujud, makna, piguna lan owah gingsir kabudayan, lan asipat praktis supaya nambahi kawruh anyar, sarana *referensi* pariwisata lan sarana nguri-uri kabudayan Jawa.

Lelandhesan tintingane yaiku konsep folklor, konsep tradhisi, konsep makna lan simbol semiotik Pierce, konsep fungsi Merton, lan konsep owah gingsir kabudayan Koentjaraningrat. Panliten iki nggunakake metodhe dheskriptif kualitatif. Tata cara kanggo panliten kanthi nggoleki sumber dhata, observasi, lan wawancara karo informan. Asil panliten iki, yaiku: (1) Tradhisi Purnama Sidi yaiku sawijine tradhisi kang nggambarake ritual ngisep cahya rembulan purnama saengga ndadekake pasuryane pawongan cumlorot lan bisa awet nom; (2) Tradhisi Purnama Sidi katindakake saben telung sasi sepisan; (3) Tradhisi Purnama Sidi nggunakake ubarampe kang nduweni makna tartamtu, ing antarane: tumpeng lingga yoni, kembang pitung warna, kembang telon, bubur beras abang lan bubur putih, jenang sengkala, bubur Sura, lan piranti oncor; (4) Piguna *manifest* tradhisi iki minangka wujud sukur, njaga asil budaya, hiburan kanggo warga, kapitayan anane roh, lan liya-liyane, dene piguna *laten* ing antarane anane rasa kurang aman; (5) Wujud owah gingsir ana ing perangan ubarampe kang digunakake lan wujud tatalakune.

PURWAKA

Lelandhesane Panliten

Kahanan bebrayan ing Pulo Jawa digolongake minangka bebrayan kang nduweni adat istiadat lan kabudayan kang maneka warna. Kanyatan kasebut dibuktekake kanthi akehe tradhisi lan upacara adat kang ana ing saben-saben dhaerah ing Pulo Jawa kang siji lan sijine nduweni pambada. Kabudayan minangka asile karya warisan leluhur bangsa kudu tansah diuri-uri. Anane kabudayan uga minangka tameng utawa filter saka kabudayan manca kang ora salaras karo budayane Indonesia.

Akehe tradhisi lan upacara adat kang Budaya bisa ditegesi asil pangolahe cipta, rasa lan karsa, nanging ora kabeh bisa diarani budaya. Budaya utawa kabudayan yaiku asil pamikir, tumindak, lan sakabehe asil cipta manungsa kanthi cara sinau (Koentjaraningrat, 1990:180). Manungsa bisa nyiptakake kabudayan kayata sistem norma, piranti bebrayan, seni lan teknologi lumantar sinau. Anggone nemokake sawijine kabudayan ora gampang amarga mbutuhake wektu kang ora sedhela saengga asil kabudayan kasebut bisa nyengkuyung panguripane manungsa ing saben dinane.

Manungsa lan kabudayan minangka wujud kang manunggal lan ora kena dipisahake. Kalorone nduweni gegayutan kang raket amarga kabudayan minangka perangane uripe manungsa. Budaya uga bisa diarani minangka kacabenggalane bangsa. Indonesia dumadi saka maneka warna suku bangsa kang ngasilake

maneka warna kabudayan. Koentjaraningrat (1987:109) ngandharake kabudayan nasional yaiku asil karya putra Indonesia kang nduweni titikan kang khas lan mutu, saengga bebrayan Indonesia bisa nrima lan rumangsa bombong tumrap asil karya kasebut.

Kabudayan suku bangsa nduweni cacah kang akeh banget. Salah sijine wujud kabudayan suku dhaerah kang isih ana lan tansah diuri-uri yaiku kabudayan Jawa. kabudayan Jawa minangka ekspresi, cipta, rasa lan karsane masyarakat Jawa kang dituduhake ing saperangan wujud lan aspek (Sukarman, 2005:34-35). Kabudayan Jawa dening Koentjaraningrat (1984:25-28) diperang dadi lima, yaiku kabudayan Banyumas kang wilayahe ana ing sisih kulon kabudayan Jawa, kabudayan Negarigung kang wilayahe ana ing dhaerah kraton Solo lan Yogyakarta, kabudayan Pesisir kang wilayahe ana ing pesisir Jawa sisih lor (Indramayu, Cirebon nganti Gresik Wetan), kabudayan Mancanegara kang wilayahe ana ing Madiun, Kediri lan dhaerah delta kali Brantas, sarta kabudayan Sabrang Wetan kang wilayahe ana ing sawetane kabudayan Mancanegara.

Kabudayan ing Solo lan Yogyakarta sejatine nduweni padha karo kabudayan Mancanegara (Koentjaraningrat, 1984:28). Kayadene ing Solo, tumindak kang gegayutan karo kebatinan lan mistis-religi akeh kang ditindakake uga ngrembaka ing dhaerah kasebut. Kabudayan lan keseniane saemper lan ora akeh pambadane. Ponorogo klebu ing wilayahe kabudayan Mancanegara. Ponorogo yaiku kutha cilik kang klebu ing

Karesidenan Madiun. Masyarakat Ponorogo isih ngugemi lan nguri-uri kabudayan kang diwarisake dening leluhure. Salah sijine wujud kabudayan yaiku tradhisi. Poerwadarminta (1976:1088) negesi tradisi yaiku adat, pakulinan, kapitayan, lan sapanunggal kang diwarisake kanthi cara turun-tumurun. Wujud tradhisi kang ana ing Ponorogo kang isih diuri-uri yaiku Tradhisi Purnama Sidi (sabanjure dicekak TPS).

TPS yaiku ritual kang ditindakake nalika rembulan wutuh lan nedheng bunder ing tanggal 14 lan 15. Tradhisi iki dianakake ing papan tartamtu kanthi tujuwan ngundang dhanyang utawa roh leluhure supaya nyekseni ritual kang ditindakake. TPS ditindakake dening saperangan masyarakat, mligine paguyuban seni Bumi Ayu Sekar Melati kanthi pangajab supaya antuk berkah Gusti Kang Maha Agung. Paguyuban seni Bumi Ayu Sekar Melati yaiku sawijine paguyuban kang dadi wadhah seni kang ana ing Desa Sampung. Paguyuban kasebut dadi sarana nglumpuke masyarakat kang kepengin sinau babagan seni lan tradhisi Jawa. Kesenian kang diwulangake yaiku seni musik kang awujud seni karawitan, seni tari lan seni swara. Paguyuban kasebut uga menehi kawruh marang para mudha ngenani tradhisi Jawa. Babagan kang diwulangake wiwit apa teges sawijine tradhisi, kena apa ditindakake lan apa wae ubarampe kang diperlokake. TPS ditindakake ing pundhen kang dipercaya minangka papan anane dhanyang utawa pawongan kang nalika urip nduweni pangaribawa tumrap masyarakat, kayata pawongan kang mabad desa.

TPS ditindakake ing Dhusun Boworejo Desa Sampung Kecamatan Sampung Kabupaten Ponorogo. Papan panggonan kanggo nganakake tradhisi iki ing situs Guwa Lawa kang dipercaya minangka papan panggonane Eyang Lawa yaiku dhanyang desa Sampung. Upacara TPS ditindakake dening Paguyuban Bumi Ayu Sekar Melati minangka paguyuban seni kang ana ing desa Sampung. TPS ditindakake saben rembulane purnama, ananging kanthi lumakune jaman ana owah-owahan saka tradhisi kasebut. Owah gingsir sajrone TPS ing antarane ngenani wektu kanggo nindakake, ubarampe lan tatalakune. Tradhisi iki kagolong unik amarga tatalaku lan ubarampe kang digunakake beda karo tradhisi liyane ing tlatah Ponorogo. Upacara iki nggunakake simbol tumpeng nuswantara yaiku tumpeng kang direnggani asil bumi kanthi maneka warna bentuke lan diarak menyang situs Guwa Lawa. Saliyane kuwi, masyarakat kang nyengkuyung anane TPS uga rebutan kembang telon mligine kembang kanthil abang kanthi pangajab supaya gampang anggane golek jodho. Tatarakite tradhisi iki dianakake sasuwene rong dina, dina kapisan awujud wilujengan ageng, dene dina kapindho awujud ritual purnama sidi.

Tradhisi kasebut narik kawigaten kanggo dianalisis luwih jero. Bab kuwi amarga adhedhasar andharan kasebut, tuwuh saperangan bab kang bisa ditintangi sajrone TPS. Panliten iki bakal ngonceki apa kang ana sajrone TPS. Bab kang dionceki ing antarane yaiku ngenani wujud tradhisi, wujud lan makna ubarampe tradhisi, piguna tradhisi lan owah gingsir kang ana sajrone TPS. Adhedhasar sakabehe bab kasebut, mula

panliti menehi irah-irahan tumrap panliten iki yaiku **“Tradhisi Purnama Sidi ing Ponorogo” kanthi Tintingan Wujud, Makna, Piguna, lan Owah Gingsir Kabudayan**. Panliten iki klebu panliten kualitatif dheskriptif ngenani sawijine kabudayan kang kang ditujokake marang wujud, makna, piguna sarta owah gingsir kabudayan kasebut.

Underane Panliten

Adhedhasar landhesane panliten kang wis diandharake ing ndhuwur, underane panliten yaiku:

- (1) Kepriye mula bukane lan kapan ditindakake TPS?
- (2) Apa wujud lan makna ubarampe kang digunakake sajrone TPS?
- (3) Kepriye tatalaku TPS?
- (4) Apa piguna kang kinandhut sajrone TPS?
- (5) Kepriye wujud owah gingsire lan tanggapan warga ngenani TPS?

Ancase Panliten

Adhedhasar underane panliten ing ndhuwur bisa ditemokake tujuwan panliten kaya ing ngisor iki:

- (1) Ngandharake mula bukane lan wektu kanggo nindakake TPS.
- (2) Ngandharake wujud lan makna ubarampe kang digunakake sajrone TPS.
- (3) Ngandharake tatalaku TPS.
- (4) Ngandharake pigunane TPS.
- (5) Ngandharake wujud owah gingsire lan tanggapan warga ngenani TPS.

Paedahe Panliten

Paedah panliten kaperang dadi loro, yaiku:

Paedah Asipat Teoritis

Paedah kang asipat teoritis saka panliten iki yaiku diajab panliten iki bisa migunani tumrap pangrembakane teori wujud, makna, piguna lan owah gingsir kabudayan. Asil panliten iki dikarepake bisa digunakake minangka tuladha kanggo panliten sabanjure.

Paedah Asipat Praktis

- (1) Menehi kawruh ngenani TPS, kena apa masyarakat nindakake TPS, ubarampe kang digunakane sarta maknane, lan piguna TPS.
- (2) Sarana kanggo ngleluri lan nglestarekake kabudayan Jawa mligini ing Desa Sampung Kecamatan Sampung Kabupaten Ponorogo.
- (3) Sumbangan *referensi* kabudayan Jawa tumrap piwulangan basa Jawa ing sekolah-sekolah.

Panjentrehe Tembung

Panjentrehe tembung nduweni ancas supaya ora luput anggane mawas panliten, tetembungane kaya ing ngisor iki:

- (1) **Tradhisi** yaiku adat, pakulinan, kapitayan, lan sapanunggal kang diwarisake kanthi cara turun-tumurun (Poerwadarminta, 1976:1088).
- (2) **Kabudayan** yaiku sakabehe gagasan, rasa, sarta olah ciptane manungsa ing bebrayan kang kudu dikulinakake lan dilakoni kanthi cara sinau (Koentjaraningrat, 1987:9)

Tradhisi Purnama Sidi ing Kabupaten Ponorogo
(*Tintingan Wujud, Makna, Piguna, lan Owah Gingsir Kabudayan*)

- (3) **Purnama sidi** yaiku rembulan wutuh tangga 14 lan 15 sarta gunggung neptune dina lan pasaran uga samono (Sudaryanto, 2001:863).
- (4) **Tradhisi Purnama Sidi** yaiku salah sijine wujud tradhisi kang ditindakake dening masyarakat Desa Sampung Kecamatan Sampung Kabupaten Ponorogo minangka wujud syukur marang Gusti Kang Maha Kuwasa lan ngormati para dhanyang kang wis mbabat desa Sampung ing jaman biyen.
- (5) **Wujud, makna, fungsi lan owah gingsir** yaiku sawijine tintingan kang nintingi bab wujud, makna, fungsi lan wah-owahan kang kinandhut sajrone objek panliten. Tintingan iki nengenake babagan dheskripsi objek kanthi nggambarake kahanan kang nyata adhedhasar konsep kang wis ditemtokake yaiku konsep folklor Danandjaja, konsep hermeneutik, konsep makna Pierce, konsep fungsi dening Merton lan konsep owah gingsir kabudayan dening Koentjaraningrat.

TINTINGAN KAPUSTAKAN Kabudayan

Budaya yaiku minangka sistem kawruh kang diasilake manungsa kanthi cara sinau (Spradley, 1997:5). Taylor (sajrone Danandjaja, 1984:6) ngandharake kabudayan nduweni teges kamanunggalan kang kaperang saka kawasisan, kapitayan, kesenian, moral, ukum, adat-istiadat, lan sakabehe kang ana ing bebrayan. Sakabehe panemu nduweni dudutan yaiku kabudayan nduweni pangaribawa kang utama tumrap bebrayane manungsa. Ihromi (1999:28) ngandharake kabudayan minangka pakulinan kang dirembakakake dening masyarakat kang dislarasake karo kabutuhan bebrayane.

Kabudayan bisa diperang miturut wujud. Koentjaraningrat (1987:5-7) merang wujud kabudayan dadi telu, yaiku: (1) wujud abstrak utawa kasat mata, ora bisa dicekel, difoto lan digambar. Wujud kabudayan kasebut mapan sajrone alam pikire bebrayan kang nduweni kabudayan kasebut kayadene ide, gagasan, nilai, tatacara, uga pamikire manungsa; (2) Wujud kabudayan kang arupa aktivitas uga tumindak saka manungsa sajrone bebrayan, kabeh ngenani tindak-tanduke manungsa kang nganut tatanan kanthi dhasar adat tatacara tartamtu; (3) wujud kabudayan barang-barang saka karyane manungsa kayadene omah, keris, jarit bathik, gerabah lan sapanunggalane. Wujud kapisan lan kapindho minangka ide, dene kaping telune minangka wujud saka ide kang diduweni.

Folklor

Folklor uga nduweni titikan, Danandjaja (1984:3-4) ngandharake titikane folklor kaperang dadi sanga, yaiku (1) disebar lan diwarisake kanthi cara lesan lan tular-tinular saka wong siji marang sijine; (2) folklor asipat tradhisional jalaran disebarake tanpa gonta-ganti lan disebarake ing antarane kolektif kang mbutuhake wektu suwe; (3) wujud folklor ana ing versi kang beda-beda nanging intine tetep padha; (4) folklor asipat anonim, ateges ora diweruhi kanthi cetha sapa kang ngripta lan nyebarake; (5) folklor nduweni wujud kang berpola utawa berumus; (6) folklor nduweni piguna; (7)

folklor nduweni logika dhewe kang beda karo logika liyane; (8) folklor duweke wong akeh; lan (9) folklor asipat polos lan lugu.

Sabanjure, Bruvand (sajrone Danandjaja, 1984:1-2) merang folklor dadi telung klompok, yaiku (1) Folklor Lesan yaiku folklor kang awujud lesan kayata basane rakyat, upacara adat/tradhisi, pitakonan tradhisional, puisi rakyat, pitakonan tradhisional, crita prosa, lan nyanyian rakyat; (2) Folklor setengah lesan yaiku folklor awujud campuran unsur lesan lan unsur ora lesan kayata kapitayan, dolanan rakyat, tari rakyat, lsp; (3) Folklor dudu lesan kayata arsitektur, kerajinan tangan, busana, obat, panganan, inuman, lsp.

Tradhisi

Koentjaraningrat (1987:5) ngandharake tradhisi bisa diarani wujud kang lumrah saka sawijine kabudayan kang nata tumindake manungsa. Tradhisi uga bisa ditegesi samubarang tumindak kang wis dadi pakulinan kang ditindakake wiwit jaman biyen nganti saiki. Saliyane kuwi, Koentjaraningrat (1987:11) uga ngandharake patang tingkatan adat tradhisi, yaiku (1) *tingkat nilai budaya* yaiku arupa ide kang nuwuhake konsep ngenani bab kang nduweni aji kang luhung ing bebrayan lan biyasane gegayutan karo emosi jiwane manungsa kayadene tulung-tinulung; (2) *tingkat sistem norma* yaiku arupa *nilai budaya* kang gegayutan karo dhapuke anggota masyarakat ing bebrayan lan bisa owah saben wektu kang diarani kaya unggah-ungguh ing antarane wong tuwa lan anak, guru lan murid, lan sapanunggalane; (3) *tingkat ukum* yaiku arupa ukum kang lumaku ing bebrayan kayadene adat palakrama lan ukum waris, lan (4) *tingkat aturan khusus* yaiku arupa aturan tumrap tumindak kang winates ing bebrayan lan nduweni sipat *konkrit* kayadene pranata solahbawa.

Makna lan Simbol

Ilmu kanggo nyinaoni simbol lan tandha diarani semiotik. Asale saka basa Yunani *semion* 'tandha' kang ateges ilmu kang nyinaoni sistem tandha lan lambang, sistem lambang lan proses pralambangan (Luxemburg, 1999:44). Saliyane kuwi, Teeuw (1984:47) ngandharake semiotik minangka ilmu tandha kang ngrembaka lan bisa dirapake ing saperangan ilmu liyane kayadene sastra, *antropologi*, budaya, filsafat lan seni. Maryaeni (2005:50) ngandharake sajrone *semiotik*, makna ora mung ditemtokake ing lambang basa nanging uga kapacak ing tandha liyane kayadene *rambu lalulintas*, sandhang panganggo, werna lan liya-liyane. Sakabehe disebabake jalaran saben tandha bisa digambarake: (1) urutan gegayutan; (2) sawijine makna utawa teges tartamtu; (3) sistem kaidah tartamtu, mula bisa didudut yen papane *semiotik* kuwi amba amarga samubarang bab nggunakake simbol lan tandha.

Herusatoto (2008:156) ngandharake tumindake simbolis wong Jawa bisa diperang dadi telu, yaiku (1) tumindak simbolis religi; (2) tumindak simbolis ing tradhisi; lan (3) tumindak simbolis ing kesenian. Simbol tumrap wong Jawa nduweni gegayutan karo urip bebrayane. Simbol kang ana ngemu norma kang menehi

gambaran ngenani solah bawa kang becik saengga bisa digunakake kanggo panyaruwe sosial. Simbol ora mung awujud tembung nanging bisa awujud kekarepan kang ora padha karo kekarepan kang satemene.

Hermeneutika

Miturut Teeuw (1984:123) hermeneutik yaiku ilmu utawa cara kanggo mangerteni karya sastra lan basa supaya luwih amba tegese. Hermeneutik ateges ilmu kanggo napsirake karya sastra kanthi cara mangerteni sakabehe unsure. Hermeneutik ora mung kanggo nintingi karya sastra wae, kanthi majune jaman bisa kanggo nintingi bab-bab liya kayadene nintingi upacara ritual. Tradhisi Purnama Sidi ana gegayutane karo babagan hermeneutik. Wujud kabudayan minangka asil karyane manungsa mesthi nduweni teges saka sakabehe simbol kang digunakake. Unsur kabudayan kang diduweni masyarakat satemene nduweni simbol kang bisa ditapsirake dening masyarakat. Simbol kang ana ing TPS minangka pratandha tumindake manungsa. Saliyane kuwi, simbol kasebut ngemu pitutur saengga wujud simbole bisa disawang, dirungokake, dieling-eling lan dimangerteni.

Fungsi

Merton (sajrone Kaplan, 2002:79) ngandharake yen fungsi utawa piguna kabudayan ana loro, yaiku *fungsi manifes* (fungsi kang ketara) lan *fungsi laten* (fungsi kang ora ketara). Fungsi *manifes* yaiku piguna kang menehi sumbangan marang babagan kang dipengini lan disadhari dening panindake. Ateges *fungsi manifes* minangka fungsi kang dikarepake dening pawongan kang nindakake tradhisi tartamtu. Fungsi *laten* yaiku piguna saka sawijine budaya kang ora dikarepake lan ora disadhari dening masyarakat. Saliyane kalorone, ana kang diarani *disfungsi* (*fungsi negatif*) yaiku kuwalikane adaptasi marang sistem tartamtu, lan *fungsi* (*fungsi positif*) yaiku menehi sumbangan becik marang adaptasi sistem tartamtu.

Owah Gingsir Kabudayan

Sawijine kabudayan bisa owah amarga anane maneka werna faktor. Faktor kang bisa nyebabake owah-owahan sajrone kabudayan ana loro, yaiku faktor saka njaba lan faktor saka njero. Faktor saka njero awujud *discovery* lan *invention*. Faktor saka njaba yaiku anane proses *difusi*, *akulturasi* lan *asimilasi* (Sukarman, 2005:38). Sakabehe faktor kasebut kang njalarai owah-owahan ing sawijine kabudayan. Babagan liya kang nyengkuyung anane owah gingsir yaiku pangrembakane teknologi kang saya maju. Koentjaraningrat (1990:228) ngandharake pagrembakane kabudayan diwiwiti saka kabudayan kang wujud prasaja nganti wujud kang *kompleks* kang diarani *evolusi* kabudayan. Sabanjure ana proses panyebaran kabudayan kanthi cara *difusi*, *akulturasi* lan *asimilasi*.

Owah-owahan mesthi dumadi ing satengahé masyarakat. Parsons (sajrone Soerjono, 1984:106) ngandharake struktur saben masyarakat minangka asil sejarah saka owah-owahan kang dibolan-baleni nanging sipate *progresif*. Faktor kang nyebabake ing antarane: (1)

Anane unsur kabudayan kang asipat *statis* lan *dinamis*; (2) Anane pawongan kang gampang lan angel nampa owah gingsir kabudayan, lan (3) Anane *faktor adaptasi* marang panggonan sakupenge kang gampang owah.

Difusi

Difusi bisa dumadi amarga ane *migrasi* manungsa (Boaz sajrone Soerjono, 1984:109). Anane proses *migrasi* utawa pindhah saperangan manungsa menyang papan panggonan kang anyar mesthi uga nggawa kabudayane. Anane proses kasebut kanthi ora langsung bakal nularake kabudayan tartamtu ing papan panggonan kang anyar. Koentjaraningrat (2010:102-104) ngandharake kadadeyan kasebut bakal katon cetha yen pawongan kang nindakake *migrasi* cacahé akeh utawa gedhen-gedhenan, banjur nuwuhake *difusi* budaya kang gedhe. Bab kasebut amarga proses *urbanisasi* ana gandheng-cenenge klawan proses *akulturasi*. Panyebaran kabudayan dumadi amarga panggabungan rong kabudayan utawa luwih. Kamajuwane teknologi uga menehi pangaribawa tumrap proses *difusi*. Kadadeyan kang kaya mangkono nyebabake kabudayan asipat *multikultural* utawa nduweni maneka werna jinise.

Akulturasi

Maneka werna bab kang bisa nyebabake owah gingsir kabudayan. Salah sijine unsur yaiku anane budaya *lokal* lan budaya manca. Kalorone yen kapethuk bisa dadi konsep *akulturasi* budaya. Koentjaraningrat (2010:102-104) ngandharake akulturasi minangka proses sosial kang tuwuh nalika kelompok manungsa kanthi kabudayan tartamtu kapethuk karo unsur-unsur kabudayan manca, saengga unsur budaya manca bisa katrima lan digawe dening kabudayan *lokal*. Anane panggabungan saka kalorone ora ndadekake kabudayan asli ilang saka bebrayan.

Faktor kang Njalari Owah Gingsir

Faktor Internal

Faktor *internal* utawa kang asale saka njero ateges faktor kang dumadi amarga anane pangaribawa saka njero unsur kabudayan, yaiku masyarakat. Faktor kang njalari owah-owahan sawijine tradhisi bisa awupa *discovery* lan *invention*. Sukarman (2006:38) menehi andharan ngenani kalorone, *discovery* ateges sawijine panemu anyar nanging bisa katemokake kanthi ora sengaja, dene *invention* yaiku panemu anyar kang asale amarga anane upaya kang disengaja. Kalorone bisa ginayut. *Discovery* bisa dadi *invention* yen masyarakat wis bisa ngakoni, nampa lan ngecakake panemu anyar kasebut (Koentjaraningrat, 1990:257).

Faktor Eksternal

Faktor *eksternal* tegese faktor kang dumadi saka njabane sawijine kabudayan lan masyarakat kang nindakake tradhisi. Tembung njabane ing kene awujud masyarakat lan papan panggonan liyane. Faktor *eksternal* nduweni jinis kang maneka werna. Ana *difusi*, *akulturasi* lan *asimilasi*. Ing TPS nduweni faktor eksternal kang menehi pangaribawa tumrap mlakune adicara kasebut. Wujud *difusi* yaiku panyebaran unsur-unsur kabudayan siji menyang panggonan liyane kang digawa dening

Tradhisi Purnama Sidi ing Kabupaten Ponorogo
(*Tintingan Wujud, Makna, Piguna, lan Owah Gingsir Kabudayan*)

manungsa kang pindhah (Koentjaraningrat, 1990:224). Proses *difusi* kang ana kayata anane kayata anane kagiyatan kang dianakake nalika rembulan purnama ing saperangan panggonan.

Lelandhesane Teori

Bab kapisan kang ditindingi yaiku babagan wujud TPS nggunakake teori folklor. TPS klebu ing folklor saperangan lisan. Bab kasebut adhedhasar kapercayane masyarakat kang diwujudake kanthi upacara adat arupa slametan purnama sidi kanthi nggunakake tatacara tartamtu kang wis dadi pakulinane masyarakat Desa Sampung. Kapindhho yaiku teori semiotik panemune Pierce. TPS nduweni simbol kang bisa dijlentrehake maknane. Saben-saben simbol nduweni makna kang dipercaya dening masyarakat panyengkuyunge. Bab katelu ngenani fungsi utawa piguna ing TPS. Pigunane diwawas nganggo teori fungsi Merton yaiku konsep fungsi manifes lan fungsi laten. Konsep fungsi saka Merton bakal digunakake kanggo nglandhesi piguna apa wae kang ana lan dirasake dening bebrayan kang nyengkuyung TPS. Sakabehe fungsi gumantung saka pangrasane bebrayan kang ngugemi lan nguri-uri tradhisi kasebut. Sabanjure teori kang digunakake kanggo nggonceki owah-owahane yaiku teori Koentjaraningrat kang ngandharake owah gingsir dumadi saka telun tahap. Tahap-tahapane yaiku *selektif*, *adaptif*, lan *akulturasi*. Faktor kang njalari anane owah-owahan yaiku anane *faktor eksternal* lan *faktor internal*.

METODHE PANLITEN

Ancangan Panliten

Panliten *kualitatif* tumrap TPS luwih asipat dheskriptif. Dhata kang dikumpulake awujud tetembungan lan gambar, mula ora nengenake babagan angka. Panliten *kualitatif* kang asipat dheskriptif yaiku panliten kanthi nyathet kanthi njlimet lan tiliti sakabehe kadadeyan kang dideleng, dirungu, lan diwaca kanthi sarana *wawancara*, cathetan lapangan, *poto*, *video tape*, dhokumen, lan liya-liyane (Sudikan, 2001:85). Bab dheskriptif sajrone panliten nduweni teges *eksplorasi* utawa nggambarake swasana sosial kang arep diteliti kanthi jero, amba lan rowa (Sugiyono, 2008:209). Senajan wujud panliten *kualitatif* tansah ngrembaka lan owah, nanging panliten *kualitatif* dheskriptif klebu tintingan panliten cetha amarga bisa ngasilake dhata panliten kang *sistematis* adhedhasar kasunyatan tumrap objek panliten.

Sumber Dhata lan Dhatane Panliten

Sumber dhata lan dhata panliten ditamtokake kanggo antuk katrangan kanthi cetha ngenani TPS. Andharan kang luwih cetha ngenani sumber dhata lan dhata panliten ana ing ngisor iki.

Sumber Dhata

Sajrone panliten TPS wis katamtokake sumber dhatane yaiku sakabehe peranan kang ginayut karo TPS. Informan utama utawa kunci yaiku Bapak Totok Widhiarto lan Bu Endraswati minangka pangujub TPS. Informan tambahan ing panliten TPS, yaiku Bapak Suyoto minangka Kades, Bapak Rokim minangka

Kamituwa dhusun Boworejo, lan masyarakat sakiwa tengene. TPS salah sijine tradhisi kang ditindakake dening leluhur kang nganti saiki isih ditindakake dening masyarakat. Katrangan kang cetha diperlokake kanggo ngoceki tradhisi iki. Katrangan kang diperlokake yaiku sejarane, ubarampe, tatalaku lan owah gingsir TPS.

Dhata Panliten

Dhata ngenani wektu lan panggonan upacara, pawongan kang nyengkuyung, ubarampe lan tatarakite upacara iku asil observasi langsung ing papan panggonane. Ing peranan liyane, dhata ngenani tujuwan, fungsi lan makna tradhisi diasilake saka wawancara karo masyarakat. Panliti nggunakake *handphone* kanggo ngrekam wawancara. Kamera digunakake kanggo nyimpen gambar tatarakite TPS, lan minangka bukti yen pancen ana upacara kasebut.

Tata Cara Nglumpukake Dhata Observasi

Observasi nduweni teges ndeleng kanthi langsung sakabehe kadadeyan kang ana ing lapangan (Sudikan, 2001:112). Tegese ndeleng yaiku ora mung nyawang, nanging uga antuk pengalaman saka pancadriya kayata pangrungu, pandeleng lan pangrasa saengga panliti bisa ngandharake bab-bab kang dumadi, apa lan sapa wae kang ana sajrone tradhisi kasebut, kepriye lan ing ngendi kadadeyan kasebut dumunung. Sudikan (2001:86) ngandharake teknik observasi kaperang dadi loro, yaiku: (1) *Observasi* langsung yaiku panliti langsung ngamati objek kanthi langsung ngamati sakabehe prosesi upacara; lan (2) *Observasi* ora langsung yaiku panliti tumindak minangka wong liya, ora melu cawe-cawe ing kagiyatane.

Wawancara

Wawancara yaiku cara kanggo ngumpulake katrangan ngenani panguripane manungsa sajrone masyarakat (Sudikan, 2001:90). Moloeng (2002:135) ngandharake wawancara yaiku omong-omongan kanthi maksud tartamtu. Wawancara ditindakake kanggo nambah sarta njangkepi dhata. Koentjaraningrat (sajrone Sudikan, 2001:90) merang wawancara utawa wawancara dadi loro, yaiku (1) wawancara kang wis direncana; lan (2) wawancara kang ora direncana. Wawancara kang wis direncanakake yaiku teknik wawancara kang putakonane disusun sadurunge ditakokake. Wawancara kang ora direncanakake yaiku teknik wawancara kang bebas nakokake bab apa wae kang ora disusun sadurunge.

Dhokumentasi

Dhokumentasi mujudake salah sawijine peranan panliten kang wigati. Dhokumentasi yaiku nggoleki dhata ngenani bab-bab utawa *variabel* kang arupa cathetan, transkrip, buku, koran, majalah, prasasti, notulen rapat, lengger, agenda, lan liya-liyane (Arikunto, 2006:231). Ing teknik dhokumentasi, yen ana bab-bab kang kliru ora bakal ngowahi sumber dhatane. Bab-bab kang ditindakake yaiku : 1) panliti nekani papan panggonan kang digunakake kanggo TPS, lan 2) panliti njupuk gambar tatalaku, ubarampe lan babagan liyane kang gegayutan karo TPS. Dhata dhokumentasi lapangan

arupa gambar-gambar kang gegayutan karo TPS kayadene *foto* lan *video* tatarakite adicara.

Tatacara Nganalisis Dhata .

Ana telung bab kang kudu digatekake nalika ngolah dhata, yaiku (1) *perspektif*; (2) *tekstualisasi*; lan (3) wujud makna. Nalika ngolah dhata kudu ana perangan olah basas supaya mujudake *perspektif* kang luwih cetha. Saliyane kuwi, wujud dhata kudu digatekake amarga asile dhata ngandhut makna kang kudu diwedhar kanthi cetha. Tatacara nganalisis dhata ing panliten bisa diandharake anthi cetha ing katrangan iki:

- 1) Panliti nyathet lan ngumpulake sakabehe dhata asile ngamati adicara TPS.
- 2) Transliterasi dhata wawancara dadi wujud tulisan.
- 3) Verifikasi dhata utawa milah lan milih dhata adhedhasar kapentinganane.
- 4) Klasifikasi lan kodifikasi, nglompokake dhata, banjur meneki kodhe dhata miturut perangane.
- 5) Napsirake dhata, dhata kang wis kaklumpukake dianalisis kanggo nggoleki isi lan makna kang kinandhut ing TPS.
- 6) Proses kang pungkasan yaiku dhata kang awujud dheskripsi ngenani kahanan Desa Sampung Kecamatan Sampung Kabupaten Ponorogo, mula bukane lan wektu kanggo nindakake TPS, ubarampe lan makna kang kinandhut, tatalaku, owah gingsir kang dumadi, lan tanggapan warga.

ANDHARAN ASILE PANLITEN

Gegambarane Desa Sampung

Desa Sampung ana ing Kecamatan Sampung Kabupaten Ponorogo. Adhedhasar *topografi*, Desa Sampung manggon ing 194 meter sadhuwure banyu laut. Desa Sampung wewatesan karo Desa Mategal Kecamatan Parang Kabupaten Magetan ing sisih lor, ing sisih kidul wewatesan karo Desa Tulung Kecamatan Sampung, ing sisih wetan wewatesan langsung karo Desa Sidorejo Kecamatan Sukorejo Kabupaten Ponorogo, lan ing sisih kulon watese Desa Nglurup Kecamatan Sampung. Desa Sampung dumadi saka 6 dhusun, ing antarane Dhusun Sampung Kidul, Dhusun Sampung Lor, Dhusun Medang, Dhusun Bogem, Dhusun Ngunut, lan Dhusun Boworejo. Desa Sampung manggon ing 18 km sisih lor kulon saka tengahe kutha Ponorogo.

Desa Sampung yaiku desa kang langsung wewatesan karo Kabupaten Magetan. Panggone ana ing sisih lor kulon saka tengahe kutha. Papan kuwi klebu ing dhaerah dhuwur, mula isih akeh alas kang ngubengi desa kasebut. Alas Desa Sampung yaiku jinis alas jati. Wit-witan katon ijo royo-royo lan ngubengi desa. Ing sasi ketiga kahanan desa kasebut katon garing nanging ora nganti kakurangan banyu. Desa Sampung nduweni objek wisata arupa guwa. Guwa kang ana sinebut Guwa Lawa. Guwa Lawa ing jaman biyen pancen kanggo omah maewu-ewu kewan lawa nganti kawentar minangka Guwa Lawa. Ing wayah tartamtu, Guwa Lawa rame dadi panggon dolane pawongan kang lagi ngenggar-enggar ati utawa rekreasi kanggo ngilangake rasa sumpeg.

Cacahe pendhudhuk ana 5.931 jiwa ing taun 2014. Wong lanang cacah 3.005 lan wong wadon ana 2.926 jiwa. Saperangan gedhe wargane wis bisa maca lan

nulis. Pangupajiwane masyarakat maneka werna lan ing maneka jinis bidhang pangupajiwa. Agama Islam dadi agama mayoritas ing wargane, nanging tetep ana warga kang nduweni agama saliyan Islam.

Gayutan antarane Alam Bebrayan lan Tradhisi Purnama Sidi

Alam bebrayan Desa Sampung sejatine nduweni gegayutan kang raket karo anane TPS. Sakabehe bab kang wis kaandharake ing dhuwur nduweni pangaribawa tumrap tradhisi kasebut. Mula, bisa diweruhi yen anane tradhisi kasebut isih diuri-uri nganti saiki. Para warga nindakake kagiyatan kuwi minangka salah sijine wujud rasa sukur marang Gusti Kang Maha Kuwasa lan kanggo ngormati dhanyang Desa Sampung kang wis mbabat desa ing jaman biyen. Alam bebrayan Desa Sampung uga nduweni gayutan. Gegambaran alam kang saperangan gedhe sawah lan alas ndadekake gedhene pangaribawa tumrap anane TPS. Struktur pamarentahane yen diwawas kanthi cetha uga nduweni pangaribawa. Sanajan TPS ora kalaksanan saka lembaga pamarentahan, nanging saora-orane pamong desa bisa dadi sarana patuladhan amarga isih nyengkuyung. Babagan pendhidhikan sajrone pangrembakan sawijine tradhisi uga nduweni daya pangaribawa. Masyarakat kasebut isih ngugemi lan nguri-uri tradhisi Jawa mligine TPS amarga gegayutan karo apa kang dadi pangupajiwane saben dina lan uga minangka wujud sukure marang alam kang tansah nyepakake sumber pangan kang bisa diolah. Sistem pangupajiwa masyarakat Desa Sampung nduweni daya pangaribawa tumrap TPS. Wujud yaiku saka akehe pakaryan masyarakat Desa Sampung kang gumantung saka alam.

Tradhisi Purnama Sidi

TPS minangka sawijine upacara ritual kang *khas* utawa beda karo upacara liyane. Wujud pambédane saka ritual liyane yaiku anane jamasan pusaka, kirab tumpeng lingga yoni lan anane rebutan kembang telon. Sakabehe tatalaku kasebut mung ana ing TPS kang ditindakake dening warga Desa Sampung. Andharan kasebut adhedhasar asil wawancara karo Bu Endraswati iki.

“Purnama sidi yaiku wujud ritual kang diduweni dening wong Ponorogo. Anane mung ing Desa Sampung. Ora ana ing papan panggonan liyane. Pambédane TPS karo tradhisi liyane yaiku anane jamasan pusaka ing Guwa Lawa, kirab tumpeng lingga yoni, lan warga kang rebutan kembang telon. Tumpeng lingga yoni kang dikirab banjur dipangan bebarengan ing Guwa Lawa minangka papan pedhanyangan leluhur Desa Sampung. Ing kono uga dianakake jamasan pusaka lan kang pungkasan yaiku ubarampe awujud kembang telon dadi rebutan ing antarane warga desa. Ana sawijine kapitayan yen kembang telon bisa nggampangake pawongan nggayuh samubarang kang dipengini”. (Endraswati, kaca 186).

Pethikan wawancara kasebut bisa didudut yen TPS yaiku wujud tradhisi kang *khas* lan mung ana ing

Desa Sampung. Pambedane TPS karo tradhisi liyane yaiku jamasan pusaka kang ana ing Desa Sampung ing Guwa Lawa. Guwa Lawa dipercaya dadi papan pedhanyangan leluhur Desa Sampung, mula dianggep dadi panggon kang sakral. Wujud pambeda kapindho, yaiku kirab tumpeng lingga yoni saka omahe sesepuh Desa Sampung menyang Guwa Lawa. Satekane ing Guwa Lawa tumpeng kasebut didongani banjur dipurak bebarengan. Akeh warga desa kang rebutan isine tumpeng lingga yoni lan asil alam kang uga dikirab. Bab kang pungkasan kang dadi pambedane yaiku rebutan kembang telon. Kembang telon arupa kembang kenanga, kembang kanthil gadhing lan kembang kanthil abang kang dadi ubarampe TPS dadi rebutan dening warga desa kang percaya bakal antuk kaberkahan saka Gusti Kang Kuwasa lumantar kembang telon kasebut.

Wujud lan Makna Ubarampe TPS

Ubarampe Dina Kapisan

Tumpeng lan Lelawuhan

Tumpeng kang digunakake sajrone TPS yaiku tumpeng lingga yoni. Tumpeng lingga yoni yaiku tumpeng kang nduweni bentuk gunung lan ing pinggire ana sega kang ngubengi tumpeng gunung. Tumpeng lingga yoni bisa uga diarani tumpeng nusantara. Katrangan adhedhasar wawancara karo Pak Totok iki.

“Tumpeng kang ana ing TPS arane tumpeng lingga yoni. Dijenengi lingga yoni amarga bentuke kaya lingga yoni. Tumpeng ing dhuwur nduweni bentuk gunung kang diarani tumpeng lingga, dene tumpeng ing ngisor awujud sega kang ngubengi gunung lan diarani tumpeng yoni. Tumpeng lingga nggambarake bapak. Tumpeng yoni nggambarake ibu. Maknane supaya ing ngendi wae dununge, manungsa kudu tansah eling marang bapa biyunge. Unen-unen sangkan paraning dumadi kudu tansah diugemi”. (Totok, kaca 181).

Pethikan wawancara kasebut nuduhake sajrone TPS nggunakake tumpeng lingga yoni. Tumpeng lingga nduweni bentuk gunung sega kang bentuke lincip. Sejatine bentuke padha karo tumpeng ing papan panggonan liyane, nanging julukane lan maknane kang dadi pambedane. Tumpeng kang ana ing ndhuwur awujud gunung nduweni makna nggambarake bapak. Gunung yaiku papan kang paling dhuwur kang ana ing donya. Bab kasebut dipadhakake ing sawijine balewisma, bapak nduweni kalungguhan kang dhuwur dhewe amarga bapak minangka kepala kulawarga. Tumpeng ing sisih ngisor kang ngubengi tumpeng lingga diarani tumpeng yoni. Tumpeng yoni nduweni bentuk sega kang ngubengi tumpeng lingga ing ngisor gunung. Makna tumpeng yoni yaiku nggambarake ibu kang tansah menehi katresnan marang sakabehe anak lan bojone. Sakabehe tumpeng lingga yoni kasebut nduweni pangajab supaya ing ngendi wae dununge, manungsa kudu tansah eling marang bapa biyunge. Manungsa ora oleh tumindak kang ala marang bapa biyunge amarga yen ora ana bapa lan biyung ora bakal ana anak. Ana unen-unen “sangkan paraning dumadi” ateges kabeh kudu eling saka ngendi

asale amarga yen nganti nglalekake saka ngendi asale manungsa bisa dadi kuwalat.

Kembang Pitung Werna

Kembang setaman pitung werna nduweni makna liya. Angka pitu nduweni makna kang kenthel tumrap bebrayan Jawa. Angka pitu nduweni makna minangka pitulungan kang diajab saka Gusti Kang Maha Kuwasa kanthi cara nindakake upacara TPS. Kekembangan ora bisa uwal saka upacara tradhisine wong Jawa. Saben upacara adat kudu ana kembang pitung werna. Andharan kasebut adhedhasar asil wawancara iki.

“Saben upacara adate wong Jawa mesthi nggunakake kembang pitung rupa. Angka pitu nduweni makna kang kenthel tumrap bebrayan Jawa. Ing donya iki tansah nggunakake angka pitu ing saben perangane. Tuladhane kaya bumi kang lapis pitu, langit lapis pitu, surga lapis pitu, neraka lapis pitu lan liya-liyane. Angka ganjil dianggep cacah kang pas kanggo ndedonga. Angka pitu uga ditegesi minangka pitulungan Gusti Allah kanggo manungsa”. (Endraswati, kaca 190).

Pethikan wawancara karo Bu Endraswati nuduhake yen angka pitu nduweni makna kang wigati tumrap bebrayan Jawa. Saben upacara adat masyarakat Jawa mesthi nggunakake kembang setaman utawa kembang pitung rupa. Angka pitu minangka angka ganjil kang dianggep wigati. Ing donya tansah nggunakake angka pitu ing saben perangane, kayata awake manungsa kang nduweni pitung lapis ing antarane rambut, kulit, getih, otot, saraf, daging, lan balung. Ana upacara tingkeban lan piton-piton kang uga nduweni *unsur* angka pitu. Tingkeban yaiku upacara adat kanggo wong wadon kang lagi mbobot pitung wulan. Piton-piton yaiku upacara adat kanggo bayi kang umure pitung lapan.

Kembang Telon

Kembang telon yaiku kembang cacah telu kanggo adicara tartamtu. Salah sawijine ubarampe kang kudu ana sajrone TPS yaiku kembang telon. Kembang telon kang digunakake beda saka kembang setaman. Kembang telon arupa kembang kanthil abang, kanthil gadhing lan kembang kenanga. Saben kembang nduweni makna kang beda-beda. Andharan kasebut kayadene asil wawancara karo Pak Totok iki.

“Kembang telon iki minangka perangan kang wigati sajrone TPS. Kembang telon ing antarane kembang kanthil abang, kanthil gadhing lan kembang kenanga. Kembang telon biyasane dadi rebutane warga Desa Sampung nalika TPS. Pawongan kang rebutan kembang telon kanthil abang lan gadhing mung prawan lan jaka. Kembang kenanga bisa direbutake dening sapa wae. Kembang kanthil dipercaya bisa nggampangake golek jodho. Kembang kenanga dipercaya bisa nggampangake pawongan nggayuh pepenginane”. (Totok, kaca 181).

Adhedhasar pethikan wawancara kasebut bisa diweruhi yen kembang telon nduweni kalungguhan kang wigati sajrone TPS. Kembang telon kang digunakake yaiku kembang kanthil abang, kembang kanthil gadhing, lan kembang kenanga. Kembang telon iki biyasane dadi rebutan nalika TPS. Pawongan kang rebutan kembang kanthil abang lan kanthil gadhing yaiku kang isih prawan lan jaka utawa kang durung rabi. Bab kasebut amarga kembang kanthil dipercaya bisa nggampangake anggoné golek jodho. Kembang kanthil bisa dimaknani saka tetembungan “kanthila” kang ateges melua, mula diajab supaya jodhone gampang kanthil. Kembang kenanga bisa direbutake dening sapa wae lan ora kudu prawan utawa jaka. Kembang kenanga dipercaya bisa nggampangake pawongan nggayuh pepenginane. Kembang kenanga bisa dimaknani saka tetembungan “kenanga”, ateges pangajab supaya bisa kena ing pepenginane. Ing saben TPS akeh warga kang rebutan kembang telon.

Gedhang Raja

Ubarampe sabanjure kang kudu ana nalika TPS yaiku gedhang raja satangkep. Miturut pinisepuh Desa Sampung gedhang raja nduweni tujuwan kanggo ngormati raja utawa pamimpin mligine kang ana ing Desa Sampung. Pamimpin kudu menahi pangayoman lan tuladha kang becik marang wargane. Andharan kasebut kaya asil wawancara iki.

“Gedhang raja setangkep gunane kanggo ngormati raja utawa pamimpin kang ana ing kene. Pamimpin desa, pamimpin adat lan liya-liyane kang wis ngayomi masyarakat saengga ora ana pepadon ing antarane warga”. (Endraswati, kaca 192).

Adhedhasar asil wawancara kasebut diweruhi yen gedhang raja satangkep kang digunakake sajrone TPS nduweni guna kanggo ngormati pamimpin utawa raja. Pamimpin kang dikarepake ora mung pamimpin kang sipate *formal* kayadene kepala desa, camat, bupati, lan sapiturute nanging uga pamimpin adat. Sakabehe pamimpin kasebut wis menahi pangayoman saengga ora ana pepadon ing antarane warga desa. Saliyane kuwi pamimpin uga wis menahi tuladha kang becik marang wargane, mula ing TPS nggunakake wujud ubarampe gedhang raja kanggo menahi pakurmatan marang pamimpin.

Dupa

Dupa yaiku wangi-wangian kang asale saka tlutuh wit damar. Saliyane kuwi, dupa nduweni teges kutug kang saka menyan. Wujud dupa yaiku cilik dawa kaya biting nanging luwih gedhe. Dupa minangka sawijine ubarampe kang mesthi ana lan digunakake ing saben upacara adat. Ing TPS uga nggunakake dupa kanggo salah sijine ubarampe. Dupa minangka sarana komunikasi karo leluhure kang sipate sakral. Bab iki cundhuk karo asil wawancara karo Pak Totok iki.

“Dupa kang dibakar ngasilake ganda kang arum. Keluk saka dupa kasebut bisa nyawiji karo alame leluhur. Saliyane kuwi dupa bisa uga kanggo medhitasi. Keluke dupa bisa menahi warta marang leluhur

yen warga Desa Sampung lagi nindakake upacara purnama sidi”. (Totok, kaca 182).

Pethikan asil wawancara kasebut nuduhake dupa minangka perangan kang wigati sajrone TPS. Keluk kang diasilake saka obongan dupa bisa nyawiji karo alame leluhur. Leluher bisa weruh yen warga Desa Sampung lagi nindakake TPS. Saliyane kuwi dupa uga minangka tandha warga desa kang ngajeni para leluhure. Ganda arum kang diasilake uga cara kanggo ngelingake pawongan supaya tansah njaga arume jenenge leluhure.

Banyu Tuk Pitu

Banyu tuk pitu dianggep minangka banyu kang suci. Banyu kang bisa ndadekake cahyane samubarang saya cumlorot. Banyu tuk pitu bisa digunakake kanggo jamasan pusaka lan biyasane kanggo raup pawongan kang melu nyengkuyung TPS. Andharan kasebut cundhuk karo asil wawancara iki.

“Banyu tuk pitu nduweni sipat kang suci. Apa wae kang dijamasi nganggo banyu tuk pitu bisa cumlorot. Ora mung pusaka kang bisa dijamasi nanging wong-wong uga rebutan supaya bisa raup. Kapitayane supaya pasuryane bisa resik lan bisa suci saengga bisa katon seger”. (Suyoto, kaca 198).

Asil wawancara karo Pak Suyoto nuduhake manawa banyu tuk pitu dadi perangan kang wigati. Banyu tuk pitu nduweni makna banyu kang suci. Banyu kang bisa digunakake kanggo jamasan pusaka. Ora mung pusaka kang bisa dijamasi nanging uga bisa kanggo raup pawongan kang nyengkuyung TPS. Pusaka lan pasuryan kang dijamasi nganggo banyu tuk pitu bisa katon resik lan seger. Gambar kang ana ing dhuwur yaiku banyu tuk pitu kang wis dicampur kembang setaman kanggo jamasan pusaka. Banyu kang seger lan wangi kasebut dadi rebutan ing antarane warga Desa Sampung.

Pitik Panggang

Panggang yaiku pitik kang diolah wutuhan kanthi ditaleni gulu lan sikile lan diolah kanthi sarana digaringake ing geni. Wujud ubarampe kang kudu ana sajrone TPS yaiku panggang. Panggang kang digunakake asale saka pitik jago kang dipanggang lan diwenahi bumbu. Sabanjure dipanggang nganti wernane dadi soklat. Panggang nggambarake usahane ibu nalika nglairake bayine. Bab iki cundhuk karo asil wawancara iki.

“Panggang nduweni makna usahane ibu kanggo nglairake bayine. Bentuke panggang yaiku pitik kang mlumah lan nganggang. Bentuk kasebut nggambarake ibu kang lagi nglairake bayine, mula kita minangka anak kudu tansah bekti marang ibu. Nalika nglairake kita, ibu ngetokake kabeh kakuwatane supaya kita bisa slamet. Aja nganti nglarani ibu, elinga ridane Gusti Pangeran gumantung marang ridane ibu”. (Totok, kaca 183).

Pethikan kasebut nggambarake maknane ubarampe panggang. Panggang kang digunakake sajrone TPS nduweni makna kayadene ibu kang lagi nglairake

anake. Bentuke panggang yaiku pitik kang mluh lan ngangkang kang nggambarake ibu nalika nglairake bayine. Ibu nggunakake sakabehe kakuwatan kanggo kaslametane anake, malah nganti ngiwakake kaslametane dhewe. Panggang uga ngelingake yen ridane Gusti gumantung saka ridane ibu. Aja nganti nglarani atine ibu lan bapa amarga bisa cilaka sadawane uripe anak.

Bubur Beras Abang lan Bubur Putih

TPS kang ditindakake warga Desa nggunakake ubarampe bubur beras abang lan bubur putih. Bubur beras abang asale saka beras abang kang dimasak dadi bubur. Bubur putih asale saka beras putih kang dicampur karo santen kenthel. Bubur beras abang lan putih diwadahi takir. Bubur beras abang nglambangake calon biyung lan bubur putih nggambarake calon bapa. Bab kasebut kaya asil wawancara karo Pak Totok iki.

“Nalika TPS uga nggunakake ubarampe awujud bubur beras abang lan bubur putih. Bubur beras abang digawe saka beras abang kang dimasak dadi bubur. Bubur beras abang nglambangake biyung. Rahime ibu dilambangake werna abang. Bubur putih digawe saka beras putih kang dimasak karo santen kenthel dadi bubur. Bubur putih nglambangake bapak amarga *sperma* kang diasilake wong lanang nduweni werna putih lan kenthel. Bubur beras abang lan putih nglambangake pawongan kang isih prawan lan jaka”. (Totok, kaca 182).

Asil wawancara kasebut nuduhake yen sajrone TPS nggunakake ubarampe awujud bubur beras abang lan bubur putih kang diwadahi takir. Bubur werna abang digawe saka beras abang, yaiku lambange saka bocah kang isih prawan. Werna abang nggambarake kahanan ing njero rahime bocah wadon. Bubur putih digawe saka beras putih kang dimasak karo santen kenthel nganti dadi bubur. Bubur putih nglambangake pawongan kang isih jaka. Werna putih lan kenthel nglambangake *sperma* kang bakale dadi calon anak yen wis ketemu *ovum* nalika ing njero rahime ibu..

Jenang Sengkala

Jenang sengkala tansah sesandhingan karo bebrayan Jawa. Jenang sengkala yaiku jenang minangka lambang pangajab bisa didohake saka sakabehe sengkala. Sengkala nduweni teges minangka sakabehe kacilakan. Ing saben wektu tartamtu jenang sengkala sengaja digawe kanggo niat ngadohake pawongan saka bebaya. Jenang sengkala digawe saka beras kang dimasak karo gula abang nganti dadi bubur utawa jenang kang rasane legi. Ana uga jenang sengkala kang dimasak nganggo uyah sacukupe saengga rasane dadi gurih. Jenang sengkala diwadahi takir utawa piring lan kanggo ritual tartamtu. “Jeng, awake dhewe anggone bisnis kaya-kaya durung hasil.”

“Jenang sengkala nduweni piguna kanggo tulak bala. Sakabehe bebaya kang ngganggu mlakune TPS supaya sumigkrih. Bebaya tekane ora mung saka manungsa, nanging uga saka lelembut kang bisa

nggodha adicara. Pawongan kang nyengkuyung TPS supaya ora kesurupan, bayi kang ndelok supaya adoh saka sawan”. (Endraswati, kaca 192).

Pethikan wawancara karo Bu Endraswati nuduhake yen jenang sengkala minangka sarana tulak balak sajrone TPS. Anane jenang sengkala minangka pangajab supaya pawongan kang nyengkuyung lumakune adicara ora diganggu dening lelembut lan adicara bisa mlaku kanthi aman. Pangajab liyane supaya niat-niat manungsa kang ala bisa adoh saengga TPS bisa mlaku kanthi lancar saka wiwitan nganti pungkasan adicara. Saben upacara tradhisi wong Jawa mesthi nggunakake jenang sengkala. Ora mung upacara tradhisi, ana saperangan pawongan nalika ngimpi ala banjur nggawe jenang sengkala lan diguwak ing kali. Bab kasebut minangka lambang nguwak sakabehe impen ala amarga impen ala bisa dadi lambang kang ala.

Ubarampe Dina Kapindho

Bubur Sura

Ing adicara inti nalika wengi kapindho TPS ana ubarampe kang ginayut karo sasi Sura yaiku awujud bubur Sura. TPS kang dianakake nalika sasi Sura tansah nggunakake bubur Sura, nanging TPS kang dianakake saben telung wulan sepisan lan ora nepaki sasi Sura ora nggunakake bubur Sura. Sasi Sura pancen dianggep sasi kang sakral tumrap warga Desa Sampung. Pawongan akeh kang padha ndedonga lan nduweni pangajab tartamtu ing sasi Sura. Saliyane kuwi, akeh uga pawongan kang nindakake laku ritual liyane. Kaya kang ana ing pethikan iki.

“Adicara inti nalika sasi Sura mesthi ana ubarampe arupa bubur Sura. Bubur Sura digawe saka bubur sumsum lan dilawuhi maneka werna. Wadhah kanggo bubur Sura dudu piring, nanging pincuk saka godhong gedhang lan sendhoke awujud samir uga saka godhong gedhang. Bubur Sura nduwe makna sapa wae kang mangan bubur kasebut bisa tansah oleh kaslametan ing taun ngarep. Wadhah kang digawe saka godhong gedhang nduweni makna yen manungsa urip in alam donya ora bisa uwal saka tetuwuhan. Manungsa kudu njaga kalestarene alam sakupenge supaya ora rusak”. (Totok, kaca 183).

Pethikan wawancara kasebut nuduhake bubur Sura minangka perangan kang wigati sajrone TPS. Bubur Sura minangka pangajab warga Desa Sampung supaya ing taun sabanjure bisa antuk kaslametan lan kaberkahan saka Gusti Kang Kuwasa. Bubur Sura diwadahi pincuk godhong gedhang lan nggunakake sendhok saka godhong gedhang. Godhong gedhang mujudake perangan saka alam sakupenge manungsa. Manungsa bisa njupuk asil alam kanggo nyukupi kabutuhane, mula manungsa uga kudu njaga kalestarene alam. Aja nganti mung njupuk asile tanpa njaga kahanan alam, bakale manungsa ngrasake kacilakan dhewe sawise alame rusak.

Oncor

Oncor yaiku samubarang kanggo madhangi kahanan kang peteng. Kahanan kang peteng uga

minangka gegambaran saka kahanane manungsa kang lagi susah. Oncor bisa madhang sakupenge merga anane geni kang murub. Oncor minangka gambaran rasa semangat para warga Desa Sampung kanggo nggayuh pepenginanane. Bab kasebut cundhuk karo asil wawancara iki.

“Oncor bisa madhang alam. Bisane padhang merga ana geni kang murub. Oncor lan geline nggambarake semangat. Semangat kang diduweni warga Desa Sampung kanggo nggayuh apa kang dikarepake. Rasa semangat kanggo nggayuh panguripan kang luwih apik saengga bisa sejahtera”. (Endraswati, kaca 192).

Andharan asil wawancara karo Bu Endraswati nuduhake manawa oncor lan geni minangka perangan kang ginayut. Oncor mbutuhake geni supaya bisa madhang sakupenge. Geni bisa murub suwi amarga ana lenga sajrone oncor. Geni kasebut nggambarake semangat kang diduweni warga Desa Sampung. Semangat kang ora bakal ilang sadurunge bisa nggayuh panguripan kang luwih apik. Saliyane kuwi, warga Desa Sampung uga tansah semangat nindakake TPS supaya wujud kabudayan Jawa ora ilang kalindhahi majune jaman.

Tatalaku TPS

TPS ing Desa Sampung mujudake tradhisi kang asipat sakral. TPS kudu dianakake ing saben telung wulan pisan nalika rembulan purnama. Adhedhasar wawancara karo *informan* ngenani TPS diweruhi yen tradhisi iki mesthi dianakake nalika rembulan purnama. Bab kasebut amarga inti adicara minangka cara nyerep energi rembulan supaya pawongan kang melu nyengkuyung bisa nambahi kakuwatan lan pasuryane supaya bisa cumlorot kayadene rembulan kang lagi purnama utawa lagi ndadari. Andharan kasebut cundhuk karo wawancara iki.

“Ing Sura taun iki pas ing dina Kemis Wage malem Jemuwah Kliwon. Adicarane ana ing rong dina kasebut. Dina kapisan tanggal 5 November 2014 lan dina kapindho ing tanggal 6 November 2014. Neptune 14, lan ana makna saka angka 14. Angka 14 kasusun saka angka 1 lan 4. Angka 1 ateges ana 1 pancering jagad yaiku marang Gusti Kang Akarya Jagad. Kita kudu tansah manambah marang Panjenengane ing ngendi wae panggonane. Angka 4 ateges ana 4 kiblat ing alam donya kang nggambarake anane geni, angin, banyu lan bumi. Sakabehe tansah gegayutan lan ora kena dipisahake. Ing jaman mbiyen TPS ditindakake ing saben wulan nalika rembulan purnama, nanging saiki wis ora amarga TPS mbutuhake ragad kang ora saithik. Pungkasan TPS ditindakake saben telung wulan sepisan lan biyasane nalika Sura adicarane digawe meriah”. (Totok, kaca 175).

Asil wawancara karo Pak Totok nuduhake yen pamilihe wektu kanggo TPS ora sembarangan. Ana pathokan tartamtu kanggo nindakake TPS. Ing sasi Sura taun 2014 kang neptune cacah 14 tiba ing dina Kemis Wage malem Jemuwah Kliwon utawa ing tanggal 6 November 2014. Dina Jemuwah nduweni neptu 6 lan pasaran Kliwon nduweni neptu 8. Angka 14 nduweni makna kang jeru tumrap bebrayan Desa Sampung. Angka 14 kasusun saka angka 1 lan 4. Angka 1 mujudake ana 1 pancering jagad yaiku Gusti Kang Maha Kuwasa kang nduweni sakabehe. Manungsa mung salah siji wujud nyata kakuwasane Gusti Kang Akarya Jagad. Angka 4 mujudake anane 4 kiblat ing donya iki. Saben kiblat nggambarake geni, angin, banyu lan bumi kang uga minangka ciptaane Gusti Kang Maha Wikan. Jaman mbiyen TPS ditindakake saben sesasi sepisan nalika rembulan purnama, nanging beda karo saiki. TPS saiki ditindakake saben telung wulan sepisan kanthi tetimbangan ragad. Nalika sasi Sura biyasane digawe luwih rame kanthi nganakake pagelaran wayang kulit lan tayuban kanggo narik kawigatene masyarakat sajabané Desa Sampung.

Kirab tumpeng lingga yoni dibarengi kanthi kirab pusaka. Pusaka kang dikirabake maneka warna lan bakal dijamasi ing Guwa Lawa. Saliyane pusaka desa uga ana pusaka kang diduweni pawongan kang nyengkuyung TPS kang bisa dijamasi pisan. Kabeh ditindakake supaya ngraketake rasa paseduluran ing antarane warga. Pusaka kang dikirab ana keris Kyai Bethok, tumbak Kyai Gupita lan payung Tunggul Naga. Andharan kasebut cundhuk wawancara karo Bu Endraswati iki.

“Ora ana watesan pusaka kang dikirab lan dijamasi. Sapa wae kang melu TPS bisa njamasi pusakane nalika ing Guwa Lawa. Pusaka kang dijamasi biyasane arupa keris, payung lan tumbak. Sakabehe minangka warisan leluhur kang kudu tansah diuri-uri”. (Endraswati, hal 187).

Pethikan wawancara kasebut nuduhake nalika TPS ana adicara kirab lan jamasan pusaka. Adicarane bebarengan karo kirab tumpeng lingga yoni menyang Guwa Lawa. Pusaka kang dikirab banjur dijamasi dening sesepuh desa ing papan panggonan kono. Pusaka kang digunakake awujud keris Kyai Bethok, tumbak Kyai Gupita lan payung Tunggul Naga. Pawongan liya kang kepengin melu njamasi pusakane uga diolehi. Ora ana aturan baku pusaka duweke sapa kang kudu dijamasi amarga kabeh supaya ngraketake paseduluran ing antarane warga Desa Sampung.

Saliyane kepengin gampang anggane oleh jodho, para warga kang rebutan banyu jamasan lan kembang telon kasebut nduweni kapitayan bakal oleh kabegjan lan apa kang dadi pepenginanane bisa gampang kalakon. Andharan kasebut cundhuk karo asil wawancara iki.

“Para warga rame-rame rebutan asil bumi, banyu jamasan lan kembang telon supaya gampang anggane mujudakae pepenginanane. Ana sawijine kapitayan yen bisa njupuk banyu jamasan, asil bumi utawa kembang telon bakale bisa

*Tradhisi Purnama Sidi ing Kabupaten Ponorogo
(Tintingan Wujud, Makna, Piguna, lan Owah Gingsir Kabudayan)*

gampang anggane nggayuh pepenginane”.
(Suyoto, kaca 196).

Pethikan wawancara karo Pak Suyoto kasebut nuduhake manawa banyu jamasan, asil bumi lan kembang telon nduweni pangaribawa sajrone TPS. Katelune dianggep dadi barang kang wigati. Ana sawijine kapitayan yen bisa njupuk ubarampe kasebut bisa nggampangake pawongan kanggo nggayuh apa kang dipengini. Kapitayan kasebut kang njalari para warga gelem rebutan ubarampe TPS.

Wengine ing Desa Sampung nganakake adicara hiburan kanggo wargane awujud seni tayub. Hiburan kasebut supaya narik kawigatene warga sajabane Desa Sampung saengga bisa ngenalake TPS. Kesenian tayub isih dadi kesenian kang disenengi dening para warga, utamane ing desa kang papane adoh saka kutha. Ing saben pagelaran tayub mesthi akeh pawongan kang teka. Kesenian tayub bisa dadi sarana ngumpulake warga saengga bisa katon guyup-rukun. Andharan kasebut cundhuk karo asil wawancara iki.

“Tayub isih dadi kesenian kang diantun-
antu dening masyarakat Desa Sampung.
Bab iki amarga papan panggonane Desa
Sampung kang adoh saka kutha. Saliyane
kuwi, ing kene isih akeh wong sepuh sing
biasane seneng banget nonton tayuban.
Tayub kuwi asale saka tembung “ditata
supaya guyub”. Tegese, masyarakat bisa
ditata supaya luwih raket pasedulurane
kanthi sarana kesenian iki”. (Rokim, kaca
202).

Asil wawancara karo Pak Rokim nuduhake yen kesenian tayub isih dadi kesenian kang wigati. Tayub asale saka tembung “ditata supaya guyub”. Teges saka tembung kasebut yaiku masyarakat ditata kanthi cara dikumpulake nalika pagelaran tayub supaya luwih bisa guyub-rukun. Paseduluran bisa luwih raket yen masyarakat ngumpul dadi siji. Kesenian tayub isih dadi kesenian kang diantun-antu dening warga Desa Sampung. Bab iki amarga ing kono isih akeh warga kang umure wis sepuh kang mesthi seneng tayuban. Saliyane kuwi, papan panggonane Desa Sampung adoh saka tenggahe kutha Ponorogo. Ora nggumunake yen kesenian tradhisional isih dadi sarana panglipur kanggo warga kono.

Ing dina kapindho mung ana kagiyatan nalika wengi. Adicara wiwitane dibuka kanthi anane panglipur awujud tari-tarian. Tarian mau sipate nglipur pawongan kang ndelok adicara wengi iku. Sabanjure ana adicara sambutan saka Kepala Desa lan pamangku adat. Sabubare adicara sambutan ana pagelaran wayang kulit sewengi natas (nutug) kanthi lakon *Jumenenge Parikesit*. Bab kasebut cundhuk karo asil wawancara iki.

“Adicara ing dina kapindho mung ana ing
wengine wae. Wiwitane dibuka kanthi
anane sambutan saka Kepala Desa lan
pamangku adat utawa sesepuhe yaiku
KMA Endraswati. Ing adicara kasebut
diandharake apa kang dadi tujuwane lan
paweling kanggo kabeh para warga Desa
Sampung supaya nglestarekake asil
warisane leluhur. Aja nganti kelangan

bandha adiluhung amarga nuruti majune
jaman”. (Suyoto, kaca 196).

Adhedhasar asil wawancara karo Pak Suyoto diweruhi yen adicara inti diwiwiti saka sambutan dening Kepala Desa lan sesepuh Desa Sampung. Isine sambutan yaiku tujuwane TPS lan paweling kanggo kabeh warga supaya tansah nguri-uri kabudayane dhewe. Majune jaman ora dadi alangan kanggo tetep nindakake TPS. Bab kasebut wigati banget amarga akeh para mudha kang isin nduweni kabudayane leluhure. Akeh pamawas yen tradhisi Jawa minangka samubarang kang kuna, ora salaras karo majune jaman lan liya-liyane. Pamawas kang kaya mangkono bisa ndadekake para mudha isin saengga wegah nguri-uri kabudayane.

Inti adicara ing dina kapindho yaiku nalika tengah wengi ing jam 12.00. Ing tengah wengi dianakake TPS kanthi anane pagelaran tari Gambyong lan tari Medang Sekawit. Nalika dianakake pagelaran tari kasebut, sesepuh desa nindakake ritual kanthi khusus’. Andharan kasebut cundhuk karo wawancara iki.

“Tari gambyong ing Desa Sampung iki
beda saka panggonan liyane. Penarine ana
4 lan kabeh kudu nduweni rambut dawa.
Nalika nari ora nganggo gelungan sebab
rambute penari kudu diore. Rambute
ditata kaya putri raja saengga katon ayu.
Akeh gerakan kang nggambarake
panyerepan energi rembulan kanthi wujud
kang alus lan tumata. Sabanjure ana
pagelaran tari sakral Medang Sekawit
yaiku tarian kang nggambarake anane
Kraton Medang Sekawit ing jaman
mbiyen lan gambarane ritual kanggo
nyerep cahyane rembulan. Sakabehe
adicara wis ana wiwit jaman biyen, mula
kita minangka anak putune kudu tansah
nguri-uri budaya kasebut”. (Totok, kaca
176).

Adhedhasar asil wawancara karo Totok TPS minangka tradhisine leluhur kang isih ana. Nalika tengah wengi ing dina kapindho dianakake puncak ritual. Wujude yaiku anane tari Gambyong lan tarian sakral Medang Sekawit. Bocah wadon kang nari Gambyong cacah 4 lan rambute ora oleh digelung. Kapapate katon ayu banget kayadene putri raja. Tarian Gambyong minangka tari kanggo mbuka adicara lan minangka pangormatan marang para tamu. Sabanjure ana tarian Medang Sekawit kang ditarekake dening bocah lanang cacah sanga lan sapasang pawongan kang dadi raja lan ratune. Tarian kasebut nggambarake Kraton Medang Sekawit ing jaman mbiyen. Saliyane kuwi, makna kang ana sajrone tarian Medang Sekawit yaiku minangka gegambarane pawongan kang lagi nindakake ritual purnama sidi kanggo nyerep cahyane rembulan, saengga bisa ndadekake pasuryane cumlorot.

Piguna TPS Piguna Manifest

Piguna manifest utawa piguna kang dikarepake sajrone TPS ing antarane: (1) wujud sukur; (2) njaga asile budaya; (3) hiburan tumrap warga; (4) kapitayan anane roh; (5) sarana nguri-uri kabudayan

Jawa; (6) sarana pendhidhikan; (7) sarana panyaring kabudayan manca; (8) nambah rasa karukunan; (9) nuwuhake rasa tanggungjawab; (10) nuwuhake rasa paseduluran; lan (11) ngundhakake ekonomi. TPS durung mesthi ana ing kutha liyane, mula saka kuwi para mudha kudu tansah nguri-uri anane TPS. Bab kuwi supaya adat istiadat kang wis diwarisake dening para leluhur ora ilang utawa muspra kalindhes majune jaman.

Piguna Laten

Ing TPS saliyané nduweni fungsi *manifest* uga nduweni fungsi *laten*. Fungsi laten yaiku piguna kang ora dikarepake. Piguna *laten* kang kinandhut sajrone TPS yaiku anane rasa kurang aman.

Owah Gingsir

Tradhisi yaiku sawijine unsur kabudayan kang asipat dinamis. Masyarakat kang nduweni sawijine kabudayan mesthi menehi unsur kreativitas supaya luwih endah. Tradhisi Purnama Sidi ing jaman mbiyen lan saiki tamtune ngalami owah gingsir. Ana pambada ing saperangan kagiyatan lan ubarampene. Owah gingsir minangka samubarang kang lumrah amarga kanthi lumakune dina mesthi ana owah-owahan. Owah-owahan bisa asipat ngrusak lan uga sipate nambahi kaendahan.

Jinis ubarampe sajrone TPS akeh kang ngalami owah gingsir. Bab kasebut amarga sipate sawijine kabudayan yaiku *dinamis*. Tegese bisa nylarasake kabudayan karo kahanan kang ana. Andharan kang jangkep ngenani bab kang ngalami owah gingsir cundhuk asil wawancara karo Bu Endraswati iki.

“Ubarampe kanggo TPS akeh kang ngalami owah-owahan. Ing jaman mbiyen lan saiki ana pambadane nanging ora akeh lan ora dadi perkara kang baku. Owah-owahan kuwi bab kang lumrah. Ora bisa disalahake. Tuladhane ana ing tumpeng, jaman mbiyen sinebut tumpeng lingga yoni, dene ing jaman saiki sinebut tumpeng nusantara. Ora mung julukane nanging wadhah kanggo ngarak tumpenge uga ngalami owah-owahan kang saya apik. Owahane yaiku ing jaman mung apa anane nanging saiki dihiasi nganggo kertas warna-warni saengga apik banget didelok mata”. (Endraswati, kaca 187).

Adhedhasar asil wawancara kasebut diweruhi yen ubarampe TPS wis ngalami owah gingsir. Anane owah-owahan kasebut minangka babagan kang lumrah. Ora ndadekake pepadon amarga kabeh ngrumangsani kanthi mlakune jaman mesthi ana owah-owahan. Tuladhane owah-owahan yaiku ubarampe tumpeng kang digunakake sajrone TPS. Ing jaman mbiyen sinebut tumpeng lingga yoni, dene saiki sinebut tumpeng nusantara. Mbiyen tumpeng mung apa anane, tegese ora nganggo hiasan mung diwenekake ing wadhah banjur diarak menyang Guwa Lawa. Ing jaman saiki ana kertas warna-warna kang bisa dihiasake ing wadhah tumpenge saengga luwih katon apik.

Ing jaman mbiyen warga Desa Sampung tansah nindakake rerencene adicara TPS ing Guwa Lawa. Bab kasebut amarga ing kono dipercaya minangka pundhene leluhur Desa Sampung. Kanyatane ing jaman

saiki Guwa Lawa mung kanggo wilujengan ageng lan jamanan pusaka. Guwa Lawa saiki uga minangka objek pariwisata. Andharan kasebut kaya asil wawancara iki.

“Ing jaman mbiyen kirab tumpeng lingga yoni ditindakake wayah isuk, ya biyasane sadurunge dhuhur. Ing jaman saiki keper ditindakake bubar ashar. Isih akeh bab kang owah ing perangan tatalaku TPS. Tuladhane prosesi jamanan mbiyen mung pusaka Desa Sampung, nanging saiki akeh pawongan melu njamasi pusakane kang rata-rata wujud keris nalika ing Guwa Lawa. Sabanjure ana tayuban, saiki tayub wis ditekani penyanyi dhangdhut supaya luwih gayeng. Mbiyen durung ana penyanyi dhangdhut, anane mung sindhen kuwi wae. Bab liyane ngenani pagelaran wayang, lakone mbiyen mesthi katamtokake dening sesepuh desa, yen saiki wis melu jaman. Lakon kang bisa narik kawigatene warga ya kuwi kang digawe. Bab kang pungkasan yaiku ngenani tari gambyong marikangen lan tari Medang Sekawit. Mbiyen kalorone dianggep tarian kang sakral lan dipentasake nalika rembulan purnama. Ing jaman saiki tari gambyong wis dianggep tari kang lumrah, biyasane kanggo menehi pakurmatan marang tamu kang teka ing sawijine adicara. ing jaman saiki kalorone katindakake telung wulan sepisan nalika TPS”. (Endraswati, hal 194).

Adhedhasar tabel lan pethikan wawancara kasebut diweruhi yen ing perangan tatalaku TPS akeh ngalami owah-owahan. Bab sepisan kang ngalami owah gingsir yaiku nalika adicara wilujengan ageng kang awujud kirab tumpeng lingga yoni lan jamanan pusaka. Ing jaman mbiyen wilujengan ageng dianakake sadurunge dhuhur, nanging saiki kerep katindakake nalika bubar ashar. Ing jaman mbiyen para warga Desa Sampung nggawa mulih tumpeng lan asil alam kang dikirab, yen jaman saiki pawongan kang nyengkuyung TPS padha murak tumpeng bebarengan ing Guwa Lawa. Wengine nalika tayuban uga ana owah-owahan. Ing jaman mbiyen durung ana penyanyi dhangdhut kang melu tayuban. Lagu dhangdhut durung misuwur banget. Ing jaman saiki lagu dhangdhut wis dadi sarana panglipur kang disenengi pawongan, mula kudu ana unsur dhangdhut kanggo narik kawigatene masyarakat saengga adicara bisa regeng.

Unsur Anyar kang Mlebu sajrone TPS

Unsur anyar kang mlebu sajrone TPS mujudake unsur kang sesambungan karo teknologi. Jaman kang saya maju ndadekake teknologi saya maju uga, saengga nggampangake manungsa nindakake pakaryane. Majune teknologi ora mung ana ing masyarakat kutha wae, nanging teka ing masyarakat kang urip ing pinggire kutha. Mlebune unsur teknologi ora ndadekake TPS ilang kasakralane amarga wujud mung nambahi regenge adicara. Andharan kasebut cundhuk karo wawancara iki.

*Tradhisi Purnama Sidi ing Kabupaten Ponorogo
(Tintingan Wujud, Makna, Piguna, lan Owah Gingsir Kabudayan)*

“Jaman saiki wis saya maju, mula saben pakaryan mesthi gampang. Ora kangelan kaya jaman mbiyen. Teknologi kang canggih tansah sesandhingan karo manungsa saiki”. (Suyoto, hal 199).

Adhedhasar pethikan wawancara karo Pak Suyoto diweruhi manawa manungsa ing jaman saiki uripe ora kangelan kaya ing jaman mbiyen. Jaman saiki sarwa teknologi, mula sembarang pakaryan wis nggunakake teknologi. Ora bisa diselaki yen kita uga mbutuhake teknologi supaya luwih praktis nindakake pakaryan. Bab kang wigati kanthi anane teknologi aja nganti nuwuhake rasa males ing batine manungsa.

Luwih apik nalika ana unsur anyar kang mlebu ing sawijine kabudayan ora ndadekakae unsur kang asli dadi asor. Tegese unsur kang anyar kudu nambahi endahe unsur lawas. Bab kasebut cundhuk karo wawancara iki.

“Bab kang modheren nambahi regenge swasana. Warga luwih seneng yen ana babagan kang wis maju tinimbang mung nengenake bab kang lawas”. (Totok, hal 185)

Adhedhasar pethikan wawancara Pak Totok diweruhi yen adicara TPS saya regeng ing jaman saiki. Bab kuwi amarga anane wujud kabudayan anyar kang menehi pangaribawa sajrone TPS. Tuladha wujud kabudayan kang nambahi regenge TPS kayata anane *sound system* kang bisa narik kawigatene masyarakat sajabané Desa Sampung, warga kang nyengkuyung adicara wilujengan ageng lan adicara pagelaran Tari Medang Sekawit nggunakake *make up* kang bisa nambahi regenge swasana, lan piranti-piranti masak kang digunakake minangka wujud kabudayan modhern. Nilai sakrale TPS ora bakal ilang amarga wujud kabudayan anyar mung nyengkuyung supaya ora katinggalan jaman. Ora nggumunake yen pawongan kang teka sajabané Desa Sampung akeh banget amarga TPS dadi sarana lelipur kanggo masyarakat.

Tanggapan Masyarakat ngenani TPS

Panemune masyarakat saka Desa Sampung lan sajabané Desa Sampung ngenani TPS nemtokake kepriye kalungguhane tradhisi kasebut. Panemune masyarakat kang maneka werna uga minangka wujud pambijine masyarakat ngenani kabudayan Jawa. Panemune masyarakat iki saka masyarakat kang nyengkuyung, wong dodol nalika TPS, lan liya-liyane adhedhasar umur kang wis diwasa. Maneka werna pamawase masyarakat ana ing pethikan wawancara lan angket ing ngisor iki.

“Adicara TPS kudu ditindakake minangka wujud nguri-uri kabudayan Jawa. Kabudayan Jawa kang adiluhung kang ngemu pitutur kang jeru”. (Totok, hal 174)

“Leluhur Desa Sampung wis nindakake tradhisi iki wiwit jaman mbiyen. Nilai sejarah saka tradhisi iki akeh banget. Kita minangka anak putune leluhur mung nduweni gaweyan kanggo nindakake lan nurunake marang anak putu supaya tansah

eling leluhure. Aja nganti dadi kacang kang lali kulite”. (Endraswati, kaca 186).

“TPS kang ditindakake warga Desa Sampung menehi pangaribawa kang apik. TPS ditindakake ing Guwa Lawa lan disiarake ing TV uga koran. Cara kasebut nyebabake wong sajabané desa rumangsa pengin weruh Guwa Lawa. Iki bisa dadi sarana wisata kanggo masyarakat. Ing Sampung ora mung ana Guwa Lawa nanging akeh situs purbakala kang nduweni sejarah. Sacara ora langsung TPS menehi sumbangan keuangan kanggo kas Desa Sampung”. (Suyoto, hal 196).

“Tradhisi jamanan pusaka perlu ditindakake kanggo ngresiki pusaka kang umure atusan taun. Pusaka yen ora dijamasi bisa karaten. Mula anane TPS bisa dadi sarana jamanan pusaka masal”. (LD II).

“Aku seneng kanthi anane TPS. Aku bisa oleh berkah kanthi cara dodolan ing sakupenge omahe sesepuh kang digunakake tayuban lan wayangan. TPS bisa dadi sarana antuk rejeki”. (LD II).

“Kula minangka wong Jawa rumangsa bungah amarga nduweni tradhisi niki. Cara kanggo mujudake rasa sukur kanthi arak-arakan tumpeng, nyuwun udan kanthi cara ndedonga bebarengan lan murak tumpeng. Paseduluranipun katon kentel sanget”. (LD II).

Panemu-panemu saka warga kasebut nuduhake yen kalungguhane TPS isih ngrembaka satengahe warga Sampung.

PANUTUP Dudutan

Tradhisi Purnama Sidi yaiku salah sawijine wujud kabudayan Jawa kang isih diugemi lan ditindakake nganti saiki. Tradhisi iki minangka tradhisi kang ditindakake saben sewulan sepisan yaiku nalika rembulan purnama. Tujuwane saka anane TPS kanggo wujud sukur maran Gusti Kang Kuwasa. TPS minangka cara panyerepan energi rembulan supaya pawongan kang nindakake tradhisi iki bisa nduweni pasuryan kang cumlorot kayadene cahyane rembulan purnama. TPS wis ana wiwit jaman mbiyen lan uga diindakake dening warok Ponorogo. Saiki TPS mung ditindakake saben telung wulan sepisan lan adicara kang gedhe nalika Sasi Sura. Ubarampe kang digunakake sajrone TPS maneka werna. Wujud ubarampe TPS ing antarane: (1) tumpeng Lingga Yoni; (2) kembang setaman pitung werna; (3) kembang telon; (4) gedhang raja satangkep; (5) dupa; (6) banyu tuk pitu; (7) panggang; (8) bubur beras abang lan bubur putih; (9) jenang sengkala; (10) bubur sura lan (11) oncor. Sakabehe ubarampe kang digunakake nduweni

makna tartamtu. Tatalaku adicara TPS kaperang dadi loro. Kapisan yaiku dina kapisan ing tanggal 5 November 2014. Ing dina kapisan ana tatalaku awujud: (1) Wilujengan ageng kanthi anane kirab tumpeng lingga yoni utawa tumpeng nusantara; (2) jamasan pusaka ing Guwa Lawa; (3) rebutan kembang telon ing Guwa Lawa, lan (4) Tayuban kang katindakake ing omahe sesepuh Desa Sampung. Perangan kapindho yaiku kalaksanan ing dina kapindho yaiku tanggal 6 November 2014. Ing dina kapindho mung ana kagiyatan nalika wengi, kagiyatane yaiku: (1) pagelaran wayang kulit kanthi lakon Jumenenge Parikesit, lan (2) adicara inti purnama sidi. Sakabehe tatalaku kasebut tansah ditindakake dening warga Desa Sampung.

Piguna kang ana sajrone TPS ing antarane: (1) minangka wujud sukur; (2) njaga asile budaya; (3) sarana hiburan kanggo warga; (4) anane kapitayan marang roh; (5) sarana nguri-uri kabudayan; (6) sarana pendhidhikan; (7) sarana panyaring kabudayan manca; (8) nambahi rasa karukunan; (9) nuwuhake rasa tanggungjawab; (10) nuwuhake rasa paseduluran; lan (11) sarana ngundhakake ekonomi. Sakabehe kinandhut sajrone TPS. TPS kang ditindakake dening warga Desa Sampung ngalami owah-owahan. Owah gingsire TPS lumrah amarga sawijine kabudayan mesthi ngalami owah-owahan salaras mlakune jaman. Owah-owahane TPS awujud *difusi* lan *akulturasi*. Sipate owah gingsir becik amarga ndadekake TPS saya regeng lan dadi kawigatene masyarakat saka njabane Desa Sampung. Bab kasebut nuduhake manawa TPS asipat *dinamis*. Tanggapan masyarakat Desa Sampung ngenani TPS maneka warna. Ana kang nyengkuyung, ana uga kang ora peduli. Asil panliten iki ngandhake yen saperangan gedhe masyarakat Desa Sampung sarujuk kanthi anane TPS. Ana kira-kira 85% saka cacahé warga desa sarujuk. Turahane yaiku 15% ora sarujuk kanthi panemu kang maneka warna. Bab pambédane panemu dudu perkara kang wigati tumrap adicara TPS. Adicara TPS isih tetep ditindakake saben telung wulan sepisan.

Pamrayoga

Panliten ngenani Tradhisi Purnama Sidi mujudake panliten kabudayan kang mbutuhake pamrayoga. Lumakune jaman kang saya modheren nyebabake kabudayan Jawa kalindhes kabudayan manca. Bab kang dibutuhake kanggo pangrembané kabudayan yaiku anane masyarakat kang nyengkuyung adicara kasebut. Dibutuhake masyarakat kang gelem nguri-uri anane TPS supaya ora cures. Anak putu ing jaman ngarep supaya ora lali marang leluhure kang nduweni kabudayan adiluhung.

Panliten ngenani TPS minangka sawijine tuladha tumindak kang nguri-uri kabudayan Jawa. Panliti nduweni pangarep-arep supaya isih ana pawongan kang gelem nindakake panliten tumrap kabudayan Jawa kang akeh cacahé. Panliten kasebut bakale bisa aweh panyengkuyung tumrap mlakune kabudayan Jawa satengahe masyarakat modheren. Kudu ana upaya kanggo nglestarekake warisane leluhur. Cara dhokumentasi lan mbiwarakake marang masyarakat uga minangka tuladha nguri-uri kabudayan.

KAPUSTAKAN

- Arikunto, Suharsimi. 2006. *Prosedur Penelitian Suatu Pendekatan Praktik*. Jakarta: Rineka Cipta.
- Danandjaja, Jemes. 1984. *Folklor Indonesia*. Jakarta: Pustaka Utama Grafiti.
- Endraswara, Suwardi. 2006. *Metode, Teori, Teknik Penelitian Kebudayaan*. Yogyakarta: Pustaka Utama.
- , 2008. *Metode Penelitian Sastra*. Yogyakarta. Medpress.
- Herusatoto, Budiono. 2005. *Simbolisme dalam Budaya Jawa*. Yogyakarta: Hanindita Graha Widia.
- Hutomo, Suripan Sadi, dkk. 1991. *Mutiara yang Terlupakan: Pegantar Studi Sastra Lisan*. Hiski: Komisariat Jawa Timur.
- Ihromi, T.O. 1999. *Pokok-Pokok Antropologi Budaya*. Jakarta: Yayasan Obor Indonesia.
- Koentjaraningrat. 1987. *Bunga Rampai: Kebudayaan, Mentalitas, dan Pembangunan*. Jakarta: Gramedia Pustaka Utama.
- , 1984. *Manusia dan Kebudayaan di Indonesia*. Jakarta: Djambatan.
- , 1986. *Metode Wawancara dalam Metode-Metode Penelitian Masyarakat*. Jakarta: Gramedia.
- , 1990. *Pengantar Ilmu Antropologi*. Jakarta: Rineka Cipta.
- , 2010. *Manusia dan Kebudayaan di Indonesia*. Penerbit: Djambatan.
- Kaplan, David & Maners, Albert. A. 2002. *Teori Budaya*. Terjemahan Landung Simatupang. Yogyakarta: Pustaka Pelajar.
- Kuntowijoyo. 1987. *Budaya dan Masyarakat*. Ypgyakarta: PT Tiara Wacana.
- Luxemburg, Jan Van. 1992. *Pengantar Ilmu Sastra*. Jakarta: Gramedia Pustaka Jaya.
- Maran, Rafael Raga. 2007. *Manusia & Kebudayaan dalam Perspektif Ilmu Budaya Dasar*. Jakarta: Rineka Cipta.
- Maryaeni. 2005. *Metode Penelitian Budaya*. Jakarta: Bumi Aksara.
- Moleong, Lexy J. 2004. *Metodologi Penelitian Kualitatif*. Bandung: Remaja Roskadraya.

Tradhisi Purnama Sidi ing Kabupaten Ponorogo
(Tintingan Wujud, Makna, Piguna, lan Owah Gingsir Kabudayan)

- Pateda. 2001. *Semantik Leksikal*. Jakarta: PT Rineka Cipta.
- Poerwadarminta, WJS. 1939. *Bausastra Djawa*. Jakarta: J. B. Wolters'Uitgevers atau Maatchappij N. V. Groningen.
- , 1976. *Kamus Umum Bahasa Indonesia*. Jakarta: Balai Pustaka.
- Rendra. 1984. *Mempertimbangkan Tradisi*. Jakarta: Gramedia.
- Soedarsono. 1986. *Keseian, Bahasa dan Folklor Jawa*. Jakarta: Departemen Pendidikan dan Kebudayaan.
- Soerjono, Soekanto. 1984. *Teori Sosiologi Tentang Perubahan Sosial*. Jakarta: Ghalia Indonesia.
- Spradley, James. 1997. *Metode Etnografi*. Yogyakarta: PT Tiara Wacana.
- Sudikan, Setya Yuwana. 2001. *Metode Penelitian Kebudayaan*. Surabaya: Citra Wacana.
- Sugiyono. 2008. *Metode Penelitian Kuantitatif, Kualitatif, dan R & D*. Bandung: Alfabeta.
- Sudaryanto, Pranowo. 2001. *Kamus Pepak Basa Jawa*. Yogyakarta: Badan Pekerja Kongres Bahasa Jawa.
- Sukarman. 2005. *Pengantar Kebudayaan Jawa (Antropologi Budaya)*. Surabaya: Unesa Press.
- Teeuw, A. 1984. *Sastra dan Ilmu Sastra, Pengantar Teori Sastra*. Jakarta: Pustaka Jaya.